# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नही इग्यारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में देस विदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ सताइसवां कड़ी होइ। ई कार्यक्रम सज्जो आकाशवाणी अउर दूरदर्शन नेटवर्क आकाशवाणी समाचार वेबसाइट अउर न्यूजऑनएआईआर मोबाइल ऐप पर प्रसारित कइल जाई। एकर सोझे प्रसारण आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय अउर सूचना आ प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनल पर कइल जाइ। आकाशवाणी हिंदी प्रसारण के जुरते बाद क्षेत्रीय भाषा में कार्यक्रम क प्रसारण करी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु जेवर में बनि रहल नोएडा इंटरनेशनल एयरपोर्ट का हवाई सर्वेक्षण कइके निरमाण कार्य क प्रगति क समीक्षा कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री अधिकारियन के जल्दी से जल्दी कार पूरा कइले क निरदेस दिहलें। अनुमान हौ कि नवम्बर महिन्ना के आखिरी हप्ता चाहे दिसम्बर में जेवर एयरपोर्ट से उड़ान सुरू हो जाई।

**********

लोकआस्था क परब छठ आजु नहाय–खाय के साथे सुरू हो गइल। चारि दिन ले चले वाला ई तिउहार सूर्य देव के समरपित हौ। एगो रिपोर्ट–

***प्रकृति की पूजा और स्वच्छता का प्रतीक छठ पर्व समूचे देश और विश्व में धार्मिक उत्साह के साथ मनाया जाता है। आज इस महापर्व की नहाय खाय के साथ शुरूआत हो गई है। कल पर्व के दूसरे दिन खरना होगा। खरना प्रसाद ग्रहण करने के बाद व्रती 36 घंटे का निर्जला उपवास शुरू करेंगे। छठ पर्व के अवसर पर प्रदेश के विभिन्न जनपदों में श्रद्धालुओं की सुविधा के लिए सुरक्षा के पुख्ता प्रबंध किए जा रहे हैं। साफ सफाई, प्रकाश की व्यवस्था और पार्किंग के भी समुचित प्रबंध किए गए हैं। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने छठ पर्व के अवसर पर श्रद्धालुओं को शुभकामनाएँ दी है। समाचार कक्ष से विवेक सिंह***

**********

रेलवे छठ पूजा के दौरान यात्रियन क अतिरिक्त संख्या के देखत देस भर में असान अउर सुरक्षित जतरा क पुरहर इंतिजाम कइले बा। एगो रिपोर्ट–

**त्यौहारों के बाद अपने कार्यस्थलों पर लौटने वाले यात्रियों की सुविधा के लिए लगभग 6 हजार 181 विशेष रेलगाडियां चलाई जाएँगी। रेल मंत्रालय ने कहा है कि अगले तीन दिन में नौ सौ से अधिक विशेष रेलगाडियां संचालित होंगी। रेलवे ने बताया है कि यात्रियों की भीड़ को नियंत्रित करने के लिए बिहार और उत्तर प्रदेश के 30 प्रमुख स्टेशनों पर अतिरिक्त कोच तैनात किए गए हैं। स्वचालित टिकट वेंडिंग मशीनों, यात्री आरक्षण प्रणाली काउंटरों और मोबाइल अनारक्षित टिकटिंग सुविधाओं के माध्यम से यात्रा को और अधिक सुविधाजनक बनाया गया है। समाचार कक्ष से निखिल कुमार।**

ओहर, लखनऊ मंडल क रेल प्रबंधक सुनील शर्मा बतवलें कि छठ पूजा के ले के उत्तर प्रदेस अउर बिहार के सीमा से लागल इलाकन पर उत्तर रेलवे क खास नजरि बा। खास तौर पर बनारस आ लखनऊ पर जियादा धियान दीहल गइल हौ। उत्तर रेलवे क जवन सामान्य ट्रेन चलि रहल हइनि ओकरे अलावा तीनि गो स्पेसल ट्रनों चलावल जा रहलि बा।

**********

सरकार, केंद्र सरकार के करमचारियन के अब राष्ट्रीय पेंशन प्रणाली–एन.पी.एस. अउर एकीकृत पेंशन योजना– यू.पी.एस. में लाइफ साइकिल–एलसी पचहत्तर आ बैलेंस्ड लाइफ साइकिल–बी.एल.सी. जइसन निवेस बिकल्पन क बिस्तार के मंजूरी दे दिहले हवे। ई कदम ओह करमचारियन के लमहर समय से चतल आ रहलि मांग के हिसाबि से बा जवन चाहत रहलें कि उनहूं के निजी क्षेत्र के तरियन निवेस क जियादा लचीला बिकल्प मिले।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्र में जीएसटी दरन में कटउती के साथे बाइस सितम्बर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के लोगिन के फायदा भइल हौ। हमरे संवाददाता बतवलें कि अगिली पीढ़ी क जीएसटी सुधारन से देस के अर्थव्यवस्था के बढ़ावा मिलि रहल बा।

**इन जीएसटी सुधारों से अर्थव्यवस्था में उल्लेखनीय बढोत्तरी हुई है। ऑटोमोबाइल, कपड़ा, उर्वरक, इस्पात, डेयरी और नवीकरणीय ऊर्जा सहित विभिन्न क्षेत्रों में जीएसटी की दरों को कम कर दिया गया है। ऑटोमोबाइल और उनके कल–पुर्जों पर जीएसटी 28 प्रतिशत से घटाकर अब 18 प्रतिशत कर दिया गया है। जीएसटी कम होने से, वाहनों की कीमत अब कम हो गई हैं। इससे वाहनों की बिक्री में वृद्धि हुई है और निर्यात भी बढा है। इसके साथ ही, कृषि मशीनरी और उर्वरकों पर भी जीएसटी घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया गया है। इससे कृषि लागत में कमी आई है। भानु की रिपोर्ट के साथ, समाचार कक्ष से मैं मुकेश कुमार बल।**

**********

प्रदेस क नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा आजु बनारस में एकतीस अक्टूबर के सरदार वल्लभभाई पटेल क जयंती पर आयोजित होखे वाला रन फॉर यूनिटी के सथहीं अउरियो कार्यक्रम के तइयारियन क समीक्षा कइलें। सर्किट हाउस में अधिकारियन के साथे बइठकी के दौरान ऊर्जा मंत्री कहलें कि सरदार पटेल क जयंती के जन–भागीदारी के साथे भव्य तरीका से मनावल जाव। उहां के कहलीं कि सरदार पटेल एक भारत, श्रेष्ठ भारत क सपना के साकार कइलें। उनके जयंती पर अइसन आयोजन होखे के चाही, जवन देस क एकता अउर अखंडता के संकल्प के मजबूत करें।

**********